



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

RAPÒ: PLIS PASE 109,000 ELÈV AKTYÈLMAN ENSKRI NAN 178 LEKÒL KI PA BAY BON REZILTA NAN NEW YORK

Nan Capital Region: Plis pase 4,700 Elèv aktyèlman enskri nan sèt lekòl ki pa bay bon rezilta

Gouvènè Cuomo: “Kounye a se moman pou Lejislati Eta aji epi fè yon bagay sou pwoblèm sa kidonk pou nou pa kondane timoun nou yo ankò akòz lekòl yo ki pa bay bon rezilta”

Administrasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo a jodia te pibliye yon rapò ki bay detay sou kriz lekòl yo ki pa bay bon rezilta nan Eta New York. Daprè rapò a:

- Eta genyen aktyèlman 178 lekòl ki pa bay bon rezilta.
- Gen plis pase 109,000 elèv aktyèlman ki enskri nan 178 lekòl ki pa bay bon rezilta nan New York.
- 77 pami lekòl sila yo ki pa bay bon rezilta depi 10 ane, avèk plis pase 250,000 elèv ki frekante lekòl sa yo pandan ke gouvènman Eta New York pa janm fè anyen.
- Nan tout eta, plis pase 9 sou 10 elèv ki nan lekòl ki pa bay bon rezilta yo se minorite oswa pòv.
- Alòske biwokrasi edikasyon an mande anpil lajan, reyalyte a sèke distri lekòl ki pa bay bon rezilta yo te obsève yon ogmantasyon an mwayèn de 13.8 pousan nan finansman pandan katran ki sot pase yo, e yo toujou kontinye pa bay bon rezilta.

Ou ka jwenn rapò konplè a la:

<https://www.governor.ny.gov/sites/governor.ny.gov/files/atoms/files/NYSFailingSchoolsReport.pdf>

Tablo anba bay detay sou lekòl yo ki pa bay bon rezilta nan Capital Region sa ki gen ladan kantite ane youn dèyè lòt depi yo pa bay bon rezilta, ogmantasyon èd Eta pandan katran ki sot pase yo, ak non manm yo nan lejislati Eta ki reprezante chak lekòl school.

Distri Lekòl	Ki pa bay bon Rezilta	Ane ki pa gen bon rezilta	Enskripsyon 2013-14	Depans pou chak elèv 2012-13:	% Piwo pase Mwayèn Nasyonal (\$10,608)	Finansman Distri Lekòl yo te ogmante pandan dènye 4 ane ki sot pase yo	% Chanjman	Manm Asanble	Manm Sena
Albany High School	Albany City School District	10	2,262	\$19,891	+ 87.5%	\$9,641,133	+ 12.2%	Patricia Fahy	Neil Breslin
Hamilton Elementary School	Schenectady City School District	4	454	\$16,262	+ 53.3%	\$11,634,195	+ 12.8%	Angelo Santabarbara	Hugh T. Farley
Lincoln School	Schenectady City School District	4	309	\$16,262	+ 53.3%	\$11,634,195	+ 12.8%	Angelo Santabarbara	Hugh T. Farley
P J Schuyler Achievement Academy	Albany City School District	4	297	\$19,891	+ 87.5%	\$9,641,133	+ 12.2%	John McDonald	Neil Breslin
PS 2	Troy City School District	4	298	\$19,014	+ 79.2%	\$13,953,038	+ 29.9%	John McDonald	Neil Breslin
William S Hackett Middle School	Albany City School District	10	686	\$19,891	+ 87.5%	\$9,641,133	+ 12.2%	John McDonald	Neil Breslin
William B Tecler Arts In Education	Amsterdam City School District	8	475	\$14,993	+ 41.3%	\$8,741,531	+ 27.8%	Angelo Santabarbara	George A. Amedore, Jr.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare: “Sa a se yon eskandal reyèl nan Albany, reyalite tris la sèke gouvènman eta te kanpe e li pat fè anyen pandanke jenerasyon apre jenerasyon elèv yo te frekante lekòl sa yo ki pa bay bon rezilta. Rapò sa montre gravite ak nati chokan pwoblèm sa a. Kounye a se moman pou lejislati Eta aji epi fè yon bagay sou pwoblèm sa kidonk pou nou pa kondane timoun nou yo ankò akòz lekòl yo ki pa bay bon rezilta.”

Kisa yon lekòl ki pa bay bon rezilta vle di?

Daprè rapò a, yo klase yon lekòl kom lekòl “ki pa bay bon rezilta” lè yo anba 5 pousan pami lekòl nan tout eta baze sou nòt konbine ELA ak matematik, yo pa montre pwogrès nan tès pèfòmans, oswa pousantaj gradyasyon yo anba 60 pousan pandan dènye twazan yo.

Mwayèn pousantaj gradyasyon ak nòt tès yo nan lekòl ki pa bay bon rezilta yo se:

- 46.6 to pousantaj gradyasyon (konpare a yon mwayèn 76.4 pousan nan tout eta)
- 6.2 pousan nan elèv yo ki nan klas 3-8^{yèm} ane gen konpetans nan matematik (konpare a yon mwayèn 35.8 pousan nan tout eta)

- 5.9 pousan nan elèv yo ki nan klas 3-8^{yèm} ane gen konpetans nan ELA (konpare a yon mwayèn 31.4 pousan nan tout eta)

Kisa Gouvènè a pwopoze pou fikse sa a?

Pou rezoud pwoblèm sa a, Gouvènè a ap pwopoze yon modèl ki te mache nan Massachusetts, kote lè yon lekòl pa bay bon rezilta pandan 3 zan, yon lòt distri lekòl, yon non pwofi, oswa yon espesyalis ki ka chanje direksyon an dwe pran lekòl la anchaj. Lè yo te itilize modèl sa nan gwo distri lekòl nan Massachusetts, yo te obsève rezilta ki annaprè yo:

- Pousantaj gradyasyon an te ogmante de 52% a 67%
- Konpetans nan matematik te amelyore de 28% a 41%
- Pousantaj timoun ki kite lekòl te diminye pa preske 50%

Wap jwenn plis enfòmasyon sou pwopozisyon Gouvènè a disponib la:

<https://www.ny.gov/2015-opportunity-agenda/education-great-equalizer-0#transform-failing-schools>

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418